

Pou Difizyon Imedyat: Lendi 26 jiyè 2021 Kontak: Biwo Laprès, 617-635-4461

PWOGGRAM PILÒT K AP OFRI TARIF GRATIS SOU WOUT 28 PANDAN 3 MWA PANDAN PERYÒ LOTÒN SA A

*Tout pasaje yo k ap pran bis MBTA Wout 28 ap kapab monte epi deplase sou wout sa a gratis soti
29 dawout rive 29 novanm 2021*

BOSTON – 26 jiyè 2021 - Majistra Kim Janey anonse ke Vil Boston pral kòmanse yon pwogram pilòt biyè gratis sou Wout 28 MBTA koumanse nan dat 29 dawout pandan 3 mwa jiska 29 novanm. Pasaje Wout 28 yo pral kapab monte bis yo nan tout pòt yo san yo pa bezwen peye anyen.

Wout 28 se youn nan wout otobis ki gen plis kantite pasaje nan MBTA anvan ak pandan pandemi COVID-19 la, ki te konn pote anviwon 12,880 pasaje chak jou anvan pandemi a. Kantite pasaje yo menm anjeneral pandan tout jounen an konpare ak pifò lòt wout yo ki anrejistre yon kantite pasaje ki pi ba pandan èddepwent yo. Wout la soti depi nan Mattapan Square rive nan Ruggles Station an pasan pa Nubian Square ak Roxbury Crossing. Li sèvi de koneksyon enpòtan pou rezidan Mattapan, Roxbury ak Dorchester yo nan rezo esansyèl bis, sòbwey ak tren ale-retou MBTA yo. Katye yo se la fanmi ki peye yon pi gwo pou santaj nan revni lajan kay la rete konpare ak pifò lòt katye yo.

“Antanke yon moun ki depann, tankou anpil abitan Boston, sou sèvis MBTA ki san rete ak fyab, mwen konnen byen kijan Wout 28 enpòtan pou koridò ekonomik ki konekte Mattapan, Roxbury ak Dorchester. Pwogram pilòt Tarif Gratis Wout 28 an montre angajman Vil la pou fè transpò aksesib ak bon mache pou rezidan ak pasaje ale-retou yo”, Majistra Janey deklare. “Mwen rekonesan pou patenarya MBTA an ak Depatman Transpò Boston an pou kolaborasyon nan reyalizasyon efò sa a.”

“Nou apresye opòtinite sa a pou travay tèt ansam ak Vil Boston sou pilò sa a”, Manadjè Jeneral MBTA Steve Poftak anonse. “N ap kontan evalye li epi tire leson konsènan enpak li genyen sou pasaje yo ak rezo transpò a.”

Finanse grasa yon envestisman \$500,000 Vil Boston fè, objektif pwogram pilòt la se pou ofri sèten kominate Boston epidemi COVID-19 la te piplis enpakte, yon avantaj dirèk. Plis pase 2/3 (de tyè) pasaje sou Wout 28 klase antanke moun ki gen revni ba, daprè sondaj pi resan MBTA te fè nan tout sistèm la. Pasaj gratis yo pral bese chak finansyèpasaje yo nan yon peryòd kote vilnerabilite ekonomik pa t janm wo konsa, epi anbakman nan tout pòt pou monte bis yo pral akselere anbakman ak dire deplasman yo ki anjeneral an reta pa rapò ak plan orè a. Ansanm, sa pral ede pasaje Wout 28 yo patisipe nan re-louvèti Vil la ak efò pou retabli sitiyasyon an.

Depatman Transpò Boston ansanm ak MBTA pral jere ansanm pwogram pilòt la, epi yo pral fè nenpòt ajisteman si sa nesesè. Pou evalye pwogram pilòt la, ajans yo pral kolekte epi òganize sondaj pou pasaje yo. Paramèt kle an rapò ak objektif inisyativ la pral gen ladann enpak sou dire deplasman an, fyabilite bis ki rive a lè, eksperyans pasaje ak kantite pasaje.

Pwogram pilòt la koyenside tou ak efò Vil Boston ap fè pou amelyore sèvis transpò publik sou tout longè Blue Hill Avenue, Warren Street ak Malcolm X Boulevard. Ajans minisipal yo ap travay ak gwooup kominotè lokal yo epi abitan ri sa yo pou fè koridò sa yo vin gen plis sekirite pou pyeton yo k ap travèse, pou sikilasyon machin yo vin pi fasil – pou obobis tou, epi pou retire estrès pou moun sou bisiklèt yo. Pi bonè nan mwa jiyè sa a, Vil la te soumèt tou yon aplikasyon pou \$25 milyon dola nan finansman federal pou Blue Hill Avenue avèk sipò MBTA an.

Pwogram pilòt la fè pati yon inisyativ pi laj pou ede redrèzman ekonomik la aprè inisyativ yo, ikonpri yon pwogram ki fini deja pou distribye pass MBTA ak Bluebikes gratis bay anplwaye ti antrepriz yo nan distri Main Streets Vil la ak pwogram manje repa deyò a.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsèan Pwogram Pilòt Wout 28 la, al gade nan www.boston.gov/28bus and mbta.com/28pilot.

###